



ODYANS PIBLIK PWOJÈ GREEN LINE EXTENSION

Jedi 20 Oktòb 2011

Vizit Lib: 6:00 PM

Prezantasyon ak Peryòd Kòmantè Piblik la: 6:30 PM

**Somerville High School – Oditoryòm
81 Highland Avenue, Somerville, MA**

Nou kontan pou anonse Evalyasyon Anviwònman (EA) ak Seksyon (4f) Evalyasyon pou pwojè Green Line Extension disponib kounye a pou piblik la revize. MassDOT ak MBTA aplike pou finansman federal pou sipòte frè pou peye pou konsepsyon ak konstriksyon pwojè Green Line Extension, epitou EA se pati pwosesis revizyon anviwònman pou Administrasyon Federal Tranzit.

Nan dat 20 oktòb 2011, pral genyen yon Odyans Piblik kote manm piblik la jwenn envitasyon pou bay kòmantè yo sou EA. Nan Odyans lan, patisipan yo ka swa soumèt kòmantè yo alekri, oswa yo ka pale pou bay temwayaj yo. Depatman Sèvis Transpò Massachusetts ap pran kòmantè piblik la tou sou mezi pwovizwa ki sijere pou rediksyon konpansasyon ki nesèsè pou konpanse pou nenpòt reta nan egzekisyon Pwojè Green Line Extension. Ekip pwojè a ap disponib pandan Vizit Lib la anvan Odyans lan pou reponn kesyon yo.

Ou kapab revize EA sou Entènèt nan www.mass.gov/greenlineextension. Li disponib tou nan bibliyotèk piblik yo ak nan biwo Sekretè Minisipal yo nan Cambridge, Medford, ak Somerville, epitou si ou fè demann lan, ou ka jwenn li nan men Regan Checchio (617-357-5772 oswa rcheccchio@reginavilla.com).

Si ou bezwen yon aranjman pou ka patisipe nan tout Odyans Piblik la, tanpri kontakte Robert Horacek nan telefòn nan 617-973-7171, oswa nan imèl nan MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us omwen yon semèn anvan Odyans lan. Si ou bezwen aranjman pou yon lang espesifik, tanpri kontakte Rachel Hammerman nan 617-357-5772 oswa nan rhammerman@reginavilla.com omwen yon semèn anvan Odyans lan.

*Aviso importante: Por favor, traduzcan inmediatamente el presente texto.
Por favor, é muito importante que isto seja traduzido imediatamente.*